

Kesyon Moun Poze Sou Vaksen COVID-19 lan:

Johnson & Johnson

Pandemi COVID-19 lan se te yon moman ki te bay anpil nan nou gwo estrès, ki te lakòz anpil chanjman nan lavi n ap mennen chak jou. **Gen bon nouvèl pou nou, kounya la gen yon vaksen (piki) ki kapab pwoteje ni ou menm ak lòt moun yo pou nou pa pran COVID-19.** Li plis pase nòmal si w ta gen kesyon konsènan nouvo vaksen sa a, epi nou la pou nou ede ou reponn kesyon sa yo! Pou w jwenn plis enfòmasyon sou vaksen an itilize dokiman sa a. Pale ak doktè CHN ou an si ou gen kesyon oswa enkyetid.

Dekouvri kijan vaksen COVID-19 lan ap pwoteje ou:

Chak jou ekspè yo ap jwenn plis enfòmasyon pou konnen poukisa li pral enpòtan pou ou pran vaksen an. Selon sa nou konnen jiskaprezan:

- **Li pral anpeche ou pran COVID-19 lan.** Ekspè yo kwè si w pran vaksen sa a li pral kapab ede w pa vin malad grav menm si w genyen COVID-19 lan. Lè w pran vaksen an, w ap ka pwoteje moun k ap viv bò kote w tou.
- **Li pral ba ou bonjan pwoteksyon.** Lè w pran vaksen COVID-19 lan li bay yon nivo pwoteksyon kont maladi, men ekspè yo pa konnen pou konbyen tan pwoteksyon sa a ap ye. Vaksen an ede kò w kreye antikò, k ap pèmèt li goumen kont viris lan epi pwoteje w pou pa vin malad.
- **Sa pral yon gwo pa k ap ede kwape pandemi a.** Si w gen kontak ak COVID-19 lan vaksen an pral ede kò ou konbat. Pran vaksen an, kenbe distans sosyal la, mete mask epi lave men w se tout mezi enpòtan pou pran k ap ede kwape pandemi sa a.



Kijan vaksen an aji?

Vaksen vektè viral COVID-19 travay lè yo itilize yon viris diferan (vektè a) pou ede anseye kò ou kijan pou li konbat maladi. Li pa fè ou vin malad ak COVID-19 oswa avèk viris la yo itilize kòm vektè a.

- Vaksen an di selil nou yo ki jan pou yo kreye yon antijèn SARS-CoV-2 yo rele yon "pwoteyin pike". Antijèn yo se jèm kò a konbat, ki ede kò a devlope iminite. Lè kò nou remake pwoteyin kwasans sa a pa gen plas li, li deklanche yon repons iminitè k ap pèmèt kò w aprann pwoteje li kont enfeksyon COVID-19 lan.

Kiyès ki kapab pran vaksen an?

Depi li disponib nenpòt moun ki gen 18 lane oswa plis kapab (epi ta dwe) pran vaksen COVID-19 lan.

- Li enpòtan anpil pou gen anpil moun ki pran vaksen an pou ka benefisye yon pwoteksyon kolektif. **Pwoteksyon kolektif lan** se lè gen anpil moun nan kominote a ki pwoteje kont maladi a. Sa vle di maladi a gen mwens chans pou li pwopaje epi tout kominote a pwoteje.



Èske vaksen an san danje?

Lè y ap devlope nouvo vaksen yo sekirite a se pi gwo priorite a. Selon sa nou konnen jiskaprezan, etid yo montre vaksen COVID-19 lan san danje epi li fonksyone byen.

- Administrasyon Alimantasyon ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) ap revize tout enfòmasyon ki gen rapò ak sekirite yo avan yo otorize pou bay pasyan yo vaksen an. Ekspè yo pral kontinye fè etid sou vaksen an, rasanble tout enfòmasyon ki posib sou efè segondè alontèm yo, pran mezi pou reponn ak tout kesyon ki gen rapò ak sekirite yo.

Enfòmasyon Enpòtan pou Sekirite ou: Gen yon lyen posib ant vaksen Johnson & Johnson lan ak yon kalite kayo nan san ki ra epi ki grav anpil. **Al chèche swen medikal touswit si ou gen youn oswa plis nan sentòm sa yo 3 semèn apre ou fin pran vaksen an:**



- Gwo tèt fè mal oswa tèt fè mal san rete, ou wè twoub, ou gen souf kout, doulè nan pwatrin, janm anfle, vant fè mal, epi ou blese fasil oswa ou gen ti mak san anba po a kote yo te ba ou piki a.

Si mwen ansent, ap eseye tonbe ansent oswa ap bay tete, èske m ap ka pran vaksen an?

Wi ou kapab pran vaksen an. Nan moman sa a, pa gen okenn rezon pou nou kwè sa pral ajè sou lèt ou (bay tete), gwosès ou, oswa posibilite pou w vin ansent.

- Pale ak doktè CHN ou an si ou gen kesyon.

Si mwen te deja gen COVID-19, èske mwen ka pran vaksen an?

Wi ou kapab pran vaksen an.

- Etandone li posib pou ou gen COVID-19 lan plizyè fwa, li enpòtan anpil pou pran vaksen an pou pwoteje w, kit ou te gen oswa pa gen li deja.

Konbyen piki m ap gen bezwen pou mwen pran?

W ap gen bezwen pran 1 piki pou ou ka byen pwoteje.

Si mwen vle vaksen an, kilè mwen ka pran li?

Gen kèk kategori moun y ap premye bay vaksen an.

- Lè vin gen plis vaksen ki disponib, nou pral enfòme w kilè w pral kapab pran li.

Konbyen lajan vaksen an pral koute?

Depi li disponib tout moun pral kapab pran vaksen an gratis.

Nan CHN, nou la pou reponn kesyon ou yo epi abòde tout enkyetid ou genyen sou vaksen sa a. Pale ak yon doktè oswa yon enfimyè CHN jodia!